

17

fevriye

Moun san lafwa sa yo, bondye monn sa a bouche lespri yo, pou limyè levanjil la, glwa Kris la pa klere sou yo. Kris se imaj Bondye. 2 Korentyen 4. 4

E, Bondye ki bay lapè a, talè konsa, l ap kraze satan anba pye nou. Women 16. 20

Kilès k ap mennen monn nan ?

Lè tout bagay ap mache mal, yo jwenn moun ki responsab la byen vit : Bondye ! Men, se kilès k ap mennen monn nan kounye a ? Bib la di nou se djab la ; se li menm ki se : “bondye monn sa a”. Depi jou Adan te koute vwa tantatè a, Bondye te mete lòm deyò nan paradì a epi l ap viv nan yon monn, kote satan ap renye, “chèf pouvwa ki nan lè a, lespri k ap travay kounye a nan moun rebèl yo” (Efezyen 2. 2). Jezi rele Satan : “chèf monn sa a” (Jan 12. 31 ; 16. 11). Men, satan pa ka depase limit Bondye fikse yo.

Men Jezi Kris, Pitit Bondye a, grenmesi lanmò li sou lakwa ki genyen dèyè do l, rezireksyon an, li te gen viktwa sou satan pou tout tan (Ebre 2. 14). Epoutan, jounen jodi a, sa pa vle di, djab la pa ka pèsekite nou. Se sèlman lè, Senyè a vin renye, li gen pou mare satan e anpeche l aji pandan mil lane, avan yo voye l jete nan “letan dife ak souf la” (Revelasyon 20. 10). Djab la konnen li pèdi batay la e ki kote li gen pou li fini. Annatandan, li mobilize tout “pisans espiryèl mechan yo” (Efezyen 6. 12) pou li fini ak lè-zòm epi mete fren si li kapab a temwayaj kretyen yo.

Piga nou janm bliye, nou annafè ak yon lènmi ki deja pèdi batay. Men kanmenm, se pou nou pèsevere nan lapriyè, paske pawòl Bondye a avèti nou : “Veye ! Lènmi nou an, djab la, ap siyonnen nou tankou yon lyon k ap gwonde. K ap chèche yon moun pou li devore” (1 Pyè 5. 8). Pa bliye nonplis, li ka eseye twonpe nou pandan li degize tankou “zanj limyè” (2 Korentyen 11. 14).

17 février

Le dieu de ce siècle a aveuglé les pensées [des incroyables], pour que la lumière de l'évangile de la gloire du Christ, qui est l'image de Dieu, ne resplendisse pas pour eux. 2 Corinthiens 4. 4

Le Dieu de paix brisera bientôt Satan sous vos pieds.

Romains 16. 20

Qui mène le monde ?

Quand tout va mal, on a vite trouvé le responsable : Dieu ! Mais qui mène actuellement le monde ? C'est le diable, nous dit la Bible ; c'est lui, le "dieu de ce siècle". Depuis le jour où Adam a écouté la voix du tentateur, l'homme a été chassé du paradis et il vit dans un monde où règne Satan, "le chef de l'autorité de l'air, de l'esprit qui opère maintenant" (Éphésiens 2. 2). Jésus appelle Satan "le chef de ce monde" (Jean 12. 31 ; 16. 11). Néanmoins, Satan ne peut pas dépasser les limites fixées par Dieu.

Mais Jésus Christ, le Fils de Dieu, par sa mort sur la croix, suivie de sa résurrection, a définitivement vaincu le diable (Hébreux 2. 14). Pourtant, actuellement, celui-ci n'est pas hors d'état de nuire. C'est seulement quand le Seigneur viendra régner que Satan sera lié et empêché d'agir pendant mille ans, avant d'être jeté dans "l'étang de feu et de soufre" (Apocalypse 20. 10). Le diable sait qu'il est vaincu et quelle est sa destinée. En attendant, il met en œuvre toutes les "puissances spirituelles de méchanceté" (Éphésiens 6. 12) pour ruiner l'humanité et arrêter si possible le témoignage des chrétiens.

N'oublions donc jamais que nous avons affaire à un ennemi vaincu. Toutefois, persévérons dans la prière, car la Parole de Dieu nous avertit : "Veillez : votre adversaire, le diable, comme un lion rugissant, rôde autour de vous, cherchant qui dévorer" (1 Pierre 5. 8). N'oublions pas non plus qu'il peut tenter de nous tromper en se déguisant en "ange de lumière" (2 Corinthiens 11. 14).